# ХАЛЫҚТЫҢ ЖӘРДЕМГЕ МҮТӘЖ ҚАТЛАМЫН ҚОЛЛАП-ҚУЎАТЛАЎ, СУЎ ТӘМИЙНАТЫ ҲӘМ ЖАҢА ОҚЫЎ ЖЫЛЫ БОЙЫНША МӘСЕЛЕЛЕР ДОДАЛАНДЫ

Усы жылдың 28-август күни Халық депутатлары Қанлыкөл районлық Кеңесиниң он екинши сессиясы болып өтти.

Сессия күн тәртибине қарап шығыўға халықтың жәрдемге мүтәж қатламларын қоллап-қуўатлаў, исбилерменликти раўажландырыў, бюджет дәраматларын асырыў ҳәм шет мәмлекетлерде мийнет еткен пуқараларды жумыс пенен тәмийинлеў бойынша алып барылып атырған жумыслар, “2021-2023-жылларға мөлшерленген ишимлик суў тәмийнаты ҳәм канализация системасын комплексли раўажландырыў бағдарламасы”на Қанлыкөл районы бойынша киритилип атырған жойбарларды үйрениў ҳәм тийисли усынannaslar киритиў, сондай-ақ, Қанлыкөл районында пандемия дәўиринде улыўма орта билим бериў мектеплеринде 2020-2021-жаңа оқыў жылын баслаў ушын мектеп оқыўшыларының ата-аналарынан алынған социаллық сораўнамалардың нәтийжелери додаланды.

Image not found or type unknown

Күн тәртибиндеги мәселелер бойынша Қанлыкөл районы Мәҳәлле ҳәм шаңарақты қоллап-қуўатлаў бөлими баслығы С.Жуманова, район ҳәкиминиң санаатты раўажландырыў, капитал қурылыс, коммуникациялар ҳәм коммунал хожалығы мәселелери бойынша орынбасары М.Мәмбетрзаев ҳәм районлық Халық билимлендириў бөлими баслығы Т.Қрықбаевлар мәлимлеме берди.

Image not found or type unknown

Сондай-ақ, сессия мәжлисинде Өзбекстан Республикаси Президенти Ш.Мирзиёев басшылығында, усы жылдың 20-август күнги видеоселектор мәжилисинде белгилеп берилген тапсырмалар, исбилерменликти раўажландырыў бойынша аймақлардағы қосымша имканиятлар ҳәм бул жолдағы ислениўи лазым болған жумыслар талқыланып, олардан мақсетли пайдаланыў ҳәмде кооперацияларды жолға қойыў, жаңадан ашылған кәрханаларды

қоллап-қуўатлаў, бюджет дәраматларын асырыў, қосымша жумыс орынларын жаратыў арқалы халықтың, әсиресе, сырт ел мәмлекетлеринде мийнет еткен пуқараларды жумыс пенен тәмийинлеў мәселелери талқыланды.

Image not found or type unknown

Елимизде карантин талаплары жумсартылғаны менен коронавирус инфекциясының тарқалыўы даўам етпекте. Сонлықтан, бәрше орынларда болғаны сыяқлы билимлендириў мәкемелеринде де санитария, гигиена талапларына қатаң әмел еткен ҳалда жумысларды шөлкемлестириў талап етилмекте.

Соның менен биргеликте, сессияда 2020-жыл 25-26-август күнлери пандемия шараятында жаңа оқыў жылында тәлимди қайсы түрде алып барыў бойынша Қанлыкөл районы Халық билимлендириў бөлимине қараслы улыўма билимлендириў мектеплерде оқыўшылардың ата-аналары менен өткерилген сораўнамалардың нәтийжелери тыңланып, билимлендириў мәкемелериниң жаңа оқыў жылына таярлығы қай дәрежеде шөлкемлестирилип атырғанлығы бойынша мәселелер талқыланды.

Сессияда көрилген мәселелер бойынша пикирлер билдирилип, тийисли қарарлар қабыл етилди.

***Қанлыкөл районы ҳәкимлиги Мәлимлеме хызмети***